# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 मई 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय ससस्त्र बल काल्हि राती में पाकिस्तान के ओरि से उत्तरी अउर पच्छिमी सहरन के निसाना बनावे खातिर ड्रोन अउर मिसाइल से कइल गइल सज्जो हमला के बिफल कइ दिहलस। रक्षा मंत्रालय के मोताबिक पाकिस्तान जम्मू, पठानकोट अउर उधमपुर अउर अंतर्राष्ट्रीय सीमा के सटल कई जगहिन अउर सेना के ठेकानन के नोकसान पहुंचवले के कोसिस कइले रहल, हालांकि भारतीय ससस्त्र बल हर पाकिस्तानी हमला के नाकाम कइ दिहलस। ऐह दौरान जनहानि क कउनो जनकारी नाही मिलल हौ।एगो रिपोर्ट–

**पाकिस्तान से सतवारी, सांबा, जम्मू और कश्मीर के आरएस पुरा तथा अरनिया की तरफ आठ मिसाइलों को भेजा गया। भारतीय हवाई रक्षा इकाइयों ने इन सभी मिसाइलों को चिन्हित और नष्ट कर दिया। पाकिस्तान की ओर से इस तरह के हमले आतंकवादी संगठन हमास द्वारा इजरायल पर किये गए हमलों की तरह ही हैं। इसके अलावा सीमा सुरक्षा बल ने जम्मू और कश्मीर के सांबा जिले में अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर घुसपैठ के बड़े प्रयास को विफल करते हुए कम से कम सात आतंकवादियों को ढेर कर दिया है। सूत्रों ने बताया है कि आतंकवादियों का एक बड़ा समूह घुसपैठ की कोशिश में था, जिसे भारतीय सुरक्षाकर्मियों ने असफल कर दिया। इस दौरान ढांढर चौकी पर पाकिस्तान की तरफ गोलीबारी की जाती रही। सीमा सुरक्षा बल के सतर्क सैनिकों ने पाकिस्तान के हर प्रयास को विफल किया। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक**

येह बिच्चे सरकार सज्जो मीडिया चैनल, डिजिटल प्लेटफार्म अउर आम लोगिन से रक्षा अभियान अउर सुरक्षा बलन के अइले– गइले के लाइब कबरेज आ वास्तविक समय क रिपोर्टिंग न करे के कहले हौ।

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु नई दिल्ली में पच्छिमी सीमा पर सुरक्षा स्थिति अउर भारतीय ससस्त्र बल के परिचालन तैयारी क समीक्षा खातिर एगो उच्चस्तरीय बइठकी क अध्यक्षता कइलें। बइठकी में चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ जनरल अनिल चौहान, सेना प्रमुख जनरल उपेंद्र द्विवेदी, एयर चीफ मार्शल अमरप्रीत सिंह अउर नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश के त्रिपाठी सामिल भइले। बइठकी में रक्षा सचिव आरके सिंहो मौजूद रहलें। येह बिच्चे, केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाहो सीमा सुरक्षा बल, सीआईएसएफ अउर नागरिक उड्डयन सुरक्षा ब्यूरो (बीसीएएस) क महानिदेसकन के साथे बइठकी कइलें।

**********

पाकिस्तान क हलिये के आक्रामकता के नाते देस के किशनगढ़, भुंतर अउर लुधियाना हवाई अड्डन के बन्न कइ दिहल गइल हौ। येहसे पहिले राजस्थान, पंजाब, जम्मू–कश्मीर, चंडीगढ़ अउर हिमाचल प्रदेश के सथहीं कई राज्य में हवाई अड्डन पर परिचालन निलंबित कइ दिहल गइल रहल। येह बिच्चे नागर, उड्डयन मंत्रालय मीडिया के ओह खबरन के खंडन कइले हौ, जेहमें ई कहल गइल रहे कि देस भर क हवाई अड्डा बन्न कइ दिहल गइल हौ। येह बिच्चे, प्रदेस के लखनऊ स्थित चौधरी चरण सिंह एयरपोर्ट, वाराणसी एयरपोर्ट अउर गोरखपुर एयरपोर्ट के सथहीं सज्जो प्रमुख हवाई अड्डन अउर रेलवे टेसनन पर सतर्कता बढ़ा दीहल गइल हौ। हमरे श्रावस्ती प्रतिनिधि बतवले हवे कि ओइजा भारत–नेपाल सीमा से लागल इलाकन में बिसेस सतर्कता रक्खल जा रहल हौ।

**********

भारत के कार्रवाई से घबराइल पाकिस्तान अब झूठ खबर अउर गलत सूचना के फइलावे खातिर डिजिटल स्पेस क सहारा ले रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

**सोशल मीडिया पर पाकिस्तान ने एक पुराने वीडियो को वायरल करके दावा किया है कि उसने नियंत्रण रेखा पर 20 राज बटालियन की एक चौकी को तबाह कर दिया। ये पूरी तरह से गलत बयानी है क्योंकि ऐसी कोई भी सेना की टुकड़ी भारत में नहीं है। एक और वीडियों के जरिए गुजरात के हजीरा पोर्ट पर हमले का दावा किया। जबकि ये वीडियो एक तेल के टैंकर में हुए विस्फोट का है। दुनिया में आतंक का पर्याय बन चुके पाकिस्तान ने झूठ बोलकर अपनी बची कुची विश्वसनीयता भी खो दी है और वह पूरी तरह से हताश हो चुका है। सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

सरकार के ओरि से जारी सलाहि में कहल गइल हौ कि जो त कउनों भारतीय ससस्त्र बल से जुड़ल आ मौजूदा हालति से जुड़ल कउनहूं संदिग्ध जनकारी मिले त ओकर सूचना पीआईबी फैक्ट चेक के जरूर दें। अइसन समानन के व्हाट्सएप नंबर आठ सात नौ नौ सात एक एक दुइ पांच नौ अउर ईमेल आईडी सोसल मीडिया एट पीआईबी डॉट जीओवी डॉट इन पर बता सकेले।

**********

केंद्रीय खाद्य मंत्री प्रह्लाद जोशी लोगिन से जरूरी समानन क जमाखोरी न कइले क अपीलि कइले हवें। उहां के कहलीं कि देस में सज्जो जरूरी समानन क भरपूर स्टॉक मौजूद हौ। कउनों समान क कमी नाही हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु महाराणा प्रताप जयंती पर लखनऊ में आयोजित एगो कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के पाकिस्तान समरथित आतंकवाद पर निसाना सधलीं। उहां के कहलीं कि पाकिस्तान एतना बड़हन हिमाकत कइ दिहले हौ कि ऊ अपने वजूद खातिर संघर्स करत देखाई देई। श्री योगी कहलें कि पाकिस्तान क आतंकवादी चेहरा अब दुनिया के सामने बेनकाब हो चुकल हौ। मुख्यमंत्री देसवासियन से अपीलि कइलें कि ऊ भारतीय सेना क मनोबल बढ़ावें अउर सोसल मीडिया के अफवाहन के प्रति सावधान रहें।

**********